

Chak konpayi nan Eta Nouyòk oblije bay anplwaye yo fòmasyon pou prevansyon arasman seksyèl dapre Seksyon 201-g nan Lwa Travay. Yon konpayi ki pa sèvi ak modèl fòmasyon ke Depatman Travay Leta a ak Divizyon Dwa Moun devlope a dwe asire ke fòmasyon ke yo itilize satisfè oswa depase estanda minimòm sa yo. Fòmasyon an dwe

- (i) entèraktiv
- (ii) enkli yon eksplikasyon sou arasman seksyèl ki konsistan avèk [gidans](#) ki soti nan Depatman Travay an konsiltasyon avèk Divizyon Dwa Moun;
- (iii) enkli egzanp konduit ki ta reprezante konpòtman arasman seksyèl ilegal;
- (iv) enkli enfòmasyon konsènan dispozisyon legal federal ak leta yo konsènan arasman seksyèl ak remèd ki disponib pou viktim asèlman seksyèl;
- (v) enkli enfòmasyon konsènan dwa retou anplwaye yo ak tout fowòm ki disponib pou jijman plent yo; ak
- (vi) gen ladan enfòmasyon ki adrese konduit pa sipèvizè ak nenpòt lòt responsablite pou sipèvizè sa yo.

Apati de 9 Oktòb 2018, chak anplwaye dwe resevwa fòmasyon sou yon baz anyèl. Konpayi yo ta dwe bay anplwaye yo fòmasyon nan lang anplwaye yo pale a.

* * *

Bay anplwaye yo fòmasyon pa reprezante yon defans definitif a chaj de arasman seksyèl ilegal. Chak reklamasyon arasman seksyèl pral detèmine an akò ak egzijans legal ki egziste deja yo, ak konsiderasyon ak reyalite ak sikonstans yo nan reklamasyon an, ki enkli men ki pa limite ak egzistans yon règleman efikas ak pwoteksyon anti-arasman.